

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa Sunda anu nyampak dina jaman kiwari téh mangrupa hasil tina kamekaran sapanjang mangsa. Kamekaran basa Sunda ieu téh luyu jeung kamekaran kahirupan masarakat anu kapangaruhan ku suasana tempat jeung waktu anu kasorang dina sajarah hirupna. Ayana kamekaran basa ieu ogé patali jeung pangabutuh masarakat dina kahirupan sapopoéna nya éta pikeun komunikasi jeung éksprési boh sacara lisan boh sacara tulisan.

Salah sahiji sipat urang Sunda anu umum dina komunikasi sapopoé téh nya éta dina nyarita tara diucapkeun sajalantrahna, tapi sok dibalibirkeun. Maksudna mah sangkan jalma lian nu diajak nyarita atawa omongan nu ditepikeun téh henteu nyentug teuing kana haténa. Salah sahiji cara nyarita dibalibirkeun téh nya éta ngaliwatan paribasa. Sudaryat (2010, kc. 99) nétélakeun yén paribasa téh nya éta ungkara winangun kalimah (klausa) nu kekecapan katut susunanana geus matok, tur maksudna geus puguh, biasana ngandung harti babandingan atawa siloka lakuning hirup manusa. Salian ti paribasa, aya ogé babasan. Babasan jeung paribasa téh saenyana mah sarua baé atawa hése dibédakeunana. Ngan baé beunang disebutkeun, bédana téh babasan mah geus ngawangun hiji kecap (kantétan), ari paribasa mah méh mangrupa kalimah Prawirasumantri (dina Sudaryat, 2010, kc. 118).

Babasan jeung paribasa téh mangrupa bagian tina *idiom* atawa pakeman basa. Ari pakeman basa nurutkeun Sudaryat (2010, kc. 91) nya éta wangunan basa anu has tur mandiri, sarta harti anu dikandungna teu bisa dihartikeun sajalantrahna nurutkeun harti tata basa atawa harti nu dikandung ku unsur-unsur pangwangunna. Wanda pakeman basa téh ngawengku : (a) paribasa; (b) babasan; (c) gaya basa; (d) cacandran; (e) caturangga; (f) uga; (g) kecap injeuman; jeung (h) rakitan lantip. Dina ieu panalungtikan nu dipedar nya éta babasan jeung paribasa. Ari anu jadi sababna nya éta inténsitas dina komunikasi sapopoé boh sacara lisan atawa

tulisan anu masih loba kénéh dipaké ku urang Sunda kiwari nya éta babasan jeung paribasa.

Gelarna babasan jeung paribasa patali jeung sesebutan atawa ngaran rupa anu kanyahoan ku manusa nya éta katénjo, kadéngé, kaambeu, karasa, jeung kapikir. Sagala rupa anu kanyahoan ku manusa téh disebut atawa dingaranan kecap-kecap nu tangtu. Loba faktor-faktor anu mangaruhan kana gelarna babasan jeung paribasa, katut lega pisan ambahanana. Salian ti cara gelarna, babasan jeung paribasa ogé bisa disawang tina aspék jumlah jeung warna unsurna, maksud nu dikandungna, jeung sumber babandinganana. Nurutkeun Sudaryat (2010, kc. 109), babasan jeung paribasa disawang tina sumber babandinganana téh ngawengku ngaran awak sakujur, ngaran sasatoan, ngaran tutuwuhan, ngaran kaayaan alam, jeung ngaran laku lampah. Tétéla babasan jeung paribasa misato jeung mituwuhan téh nya éta salah sahiji bagian tina babasan jeung paribasa nu disawang tina sumber babandinganana.

Babasan jeung paribasa misato jeung mituwuhan téh nya éta babasan jeung paribasa anu raket patalina jeung ngaran sasatoan katut babagian awak ogé sipatna, sarta ngaran tutuwuhan katut babagiana jeung sipatna nu aya di sabudeureun masarakat Sunda (Sudaryat, 2010, kc.110). Salah sahiji pungsi larapna misato jeung mituwuhan dina babasan jeung paribasa téh pikeun ngagambarkeun kaayaan masarakat katut alam sabudeureunanna, hususna anu aya patalina jeung sasatoan ogé tutuwuhan dina mangsa harita.

Hal éta luyu jeung pamadegan Romli (2006) nu nétélakeun yén babasan jeung paribasa téh sacara gembléng ngandung unsur-unsur lingkungan alam, boh mahluk hirup (manusa, sasatoan, tutuwuhan) boh barang paéh (ngaran barang jeung tempat). Nalika babasan jeung paribasa dicipta ku para bujangga Sunda jaman baheula, kaayaan ékologis tatar Sunda téh idéal pisan. Leuweung, gunung, cai, walungan, sawah, kebon, kampung-kampung, tutuwuhan nu jadi di leuweung jeung tutuwuhan nu ngahaja dipelak pada-pada miboga kaharmonisan. Hal ieu ogé ngalambangkeun struktur kahirupam masarakat nu tingtrim, sopan, héman, solidér, pada-pada gawé bareng dina migawé pagawéan, jeung sajabana nu sarwa ideal. Ku kituna, tina babasan jeung paribasa ogé masarakat kiwari bisa apal kana kaayaan masarakat baheula, ogé kana sasatoan katut tutuwuhanna nu kiwari éta sasatoan jeung tutuwuhan téh méh tumpur.

Nurutkeun Romli (2006) babasan jeung paribasa Sunda mangrupa warisan budaya jaman baheula nu terus diturunkeun jeung mekar tanpa ngalaman parobahan, jeung teu saeutik nu geus teu miboga patali sumber. Hal ieu utamana balukar tina parobahan ékologis jeung sikep urang Sunda dina kahirupanana, anu baheulana aya dina lingkungan tradisi agraris nu basajan, kiwari jadi lingkungan masarakat industri nu pinuh ku kaméwahan.

Kiwari kabeungharan idiom-idiom anyar babasan jeung paribasa anu sumberna tina tata kahirupan anyar teu pernah lahir. Balukarna loba urang Sunda nu geus teu apal kana kabeungharan basa jeung budayana, jeung teu bisa nyaluyukeun budaya mangsa kiwari kana unsur-unsur kasundaan, kaasup babasan jeung paribasa nu beunghar ku unsur-unsur lingkungan urang Sunda. Kiwari lingkungan pikeun gelarna idiom téh geus laleungit. Misalna waé kecap leuwi dina paribasa “ka cai jadi saleuwi ka darat jadi salebak”. Leuwi hartina bagéan tina walungan nu pangjerona. Nepi ka taun 1960-an walungan-walungan di tatar Sunda miboga ratusan nepi ka rébuan leuwi (Romli, 2006). Di éta walungan tangtu waé sasatoan hirup, boh sato cai, boh sato darat. Kitu ogé di sabudeureun walungan tangtu waé tutuwuhan hirup. Ku beungharna sato cai nu aya di walungan, masarakat di sabudeureun walungan ogé miboga kabiasaan ngala lauk dina waktu-waktu nu tangtu salah sahijina nalika usum katiga. Tapi, sanggeus mekarna pangwangunan dimana-mana, salah sahijina di Waduk Jatigede, kagiatan ngala lauk nalika usum katiga téh geus teu aya deui.

Kiwari leuwi-leuwi ogé geus ngadéétan balukar sababaraha hal, utamana érosi jeung abrasi, leuwi anu baheulana salaput hulu, tempat nu pikaresepeun pikeun mijahna lauk-lauk nu jadi ciri has walungan saperti: kancra, bébéong, sénggal, arelot, balar, beureummata, génggéhék, soro, cingok, nanahaon, ayeuna mah geus areuweuh. Kiwari leuwi ngan ukur cai nu déét, kiruh, jeung baringsang. Tutuwuhan has nu aya di sabudeureun leuwi saperti: kopo, junti, geredog, haréndong, jeung warudoyong kiwari geus béak dituaran. Habitat leuwi jeung nu nempatanana geus bener-bener ruksak. Ku kituna, lumrah lamun barudak rumaja Sunda kiwari geus teu apal naon nu disebut leuwi, jeung peran leuwi dina paribasa

”ka cai jadi saleuwi” nu hartina gawé bareng, akur, sarta harmonis, sabab média leuwi pikeun ngalarapkeun prinsip gawé bareng éta kiwari geus leungit.

Pedaran ngeunaan babasan jeung paribasa Sunda téh geus diguar jeung dipublikasikeun dina wangun buku sarta hasil tina panalungtikan-panalungtikan. Upamana baé dina buku *Ulikan Semantik Sunda* (Sudaryat, 2010). Aya ogé sababaraha panulis buku nu ngumpulkeun babasan jeung paribasa tina karya sastra meunang pangarang Sunda nu geus kakoncara, bukuna nya éta *Babasan & Paribasa Kabeungharan Basa Sunda* (Rosidi, 2005) jeung *Babasan & Paribasa Kabeungharan Basa Sunda 2* (Rosidi, 2010). Salian ti éta, aya buku *1330 Babasan dan Paribasa Bahasa Sunda* nu disusun ku Candra T. Munawar taun 2010. Pangarang séjénna Budi Rahayu Tamsyah, spk. (2012) anu medal bukuna nya éta *1000 Babasan jeung Paribasa Sunda*, jrrd.

Lian ti éta, pedaran ngeunaan babasan jeung paribasa Sunda ogé kapanggih dina hasil panalungtikan-panalungtikan anu geus dilaksanakeun di Departemen Pendidikan Bahasa Daerah, di antarana Kurniawati (2004) judulna “Unsur Purwakanti dina Babasan jeung Paribasa Sunda pikeun Bahan Pangajaran di SLTP”. Aya ogé Jeni Siswandi (2005) anu judulna “Babasan jeung Paribasa dina Kumpulan Carpon *Kanyaah Kolot*” karangan Karna Yudibrata. Ieu panalungtikan ngadéskripsikeun unsur téma, suasana, sarta babasan jeung paribasa dina kumpulan Carpon *Kanyaah Kolot* anu dipatalikeun kana suasana carita dina éta buku. Panalungtikan séjénna ku Nining Novianti (2012), judulna “Babasan jeung Paribasa Sunda (Tilikan Linguistik Antropologis), Anita Nurul Fauziah (2014) judulna “Gaya Basa Metafora dina Babasan jeung Paribasa Sunda (Tilikan Stilistika jeung Sematik)”, Hernisa Agustiani Nugraha (2015) judulna “Unsur Lingkungan dina Babasan jeung Paribasa Sunda pikeun bahan Pangajaran di Kelas XI SMA”. Salian ti kitu, aya ogé panalungtikan Femi Firmansyah (2014) anu judulna “Babasan jeung Paribasa Sunda Babagaian Awak: Tilikan Semantik”.

Dumasar kana panalungtikan-panalungtikan nu geus aya, tétéla panalungtikan ngeunaan babasan jeung paribasa téh geus réa. Sanajan kitu, unggal panalungtikan boga ulikan anu béda-béda. Kitu ogé, dina panalungtikan nu keur dilaksanakeun, sanajan aya sasaruana jeung panalungtikan nu saacana nya éta

panalungtikan ngeunaan babasan jeung paribasa Sunda, tapi ieu panalungtikan aya bédana, nya éta leuwih museurkeun ulikan kana babasan jeung paribasa anu disawang tina aspék babandinganana hususna babasan jeung paribasa misato jeung mituwuhan. Ari anu jadi sababna nya éta pangaweruh ngeunaan ngaran sasatoan katut babagian awak ogé pasipatanana, sarta ngaran tutuwuhan katut babagian jeung pasipatanana pikeun masarakat kiwari masih kurang.

Salian pedaran di luhur, alasan séjén perluna diayakeun ieu panalungtikan téh nya éta sabab babasan jeung paribasa mangrupa salah sahiji matéri ajar tina pakeman basa anu diajarkeun di sakola. Dipiharep ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun alternatif bahan ajar dina pangajaran pakeman basa di sakola. Ku kituna, ieu panalungtikan téh dibéré judul “Babasan jeung Paribasa Sunda “Misato” jeung “Mituwuhan” pikeun Bahan Pangajaran Pakeman Basa di SMA (Tilikan Semantik)”.

1.2 Rumusan Masalah Panalungtikan

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun pananya di handap.

- a. Babasan jeung paribasa Sunda naon waé nu ngandung unsur misato jeung mituwuhan?
- b. Naon waé unsur-unsur misato jeung mituwuhan nu aya dina babasan jeung paribasa Sunda téh?
- c. Kumaha maksud babasan jeung paribasa Sunda misato jeung mituwuhan téh?
- d. Kumaha harti babasan jeung paribasa Sunda misato jeung mituwuhan téh?
- e. Kumaha babasan jeung paribasa Sunda misato jeung mituwuhan lamun dijadikeun bahan pangajaran déksripsi nu ngandung pakeman basa di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Sangkan ieu panalungtikan téh museur, ditangtukeun dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta ngadéskrupsikeun babasan jeung paribasa Sunda misato jeung mituwuhan dumasar tilikan semantik pikeun bahan pangajaran déskripsi nu ngandung pakeman basa di SMA.

1.3.2 Tujuan Husus

Luyu jeung rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan husus pikeun ngadéskrupsikeun babasan jeung paribasa, anu ngawengku:

- a. babasan jeung paribasa Sunda misato jeung mituwuhan;
- b. unsur-unsur misato jeung mituwuhan anu aya dina babasan jeung paribasa Sunda;
- c. maksud babasan jeung paribasa Sunda misato jeung mituwuhan;
- d. harti babasan jeung paribasa Sunda misato jeung mituwuhan; jeung
- e. bahan pangajaran déskripsi nu ngandung pakeman basa di SMA anu medar babasan jeung paribasa Sunda misato jeung mituwuhan.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat ieu panalungtikan ngawengku dua bagian, nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan miboga mangpaat tioritis pikeun ngajembaran élmu pangaweruh ngeunaan élmu basa (semantik) jeung élmu pangajaran basa. Pikeun élmu semantik, ieu panalungtikan bisa dipaké ngajembaran ulikan harti pakeman basa. Pikeun pangajaran basa, ieu panalungtikan bisa dipaké pikeun ngajembaran tiori bahan ajar basa Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis ieu panalungtikan bisa digunakeun pikeun murid, guru, masarakat, jeung panalungtikna sorangan.

- a. Pikeun murid

Tina ieu panalungtikan dipiharep murid bisa mikawanoh jeung maham kana babasan jeung paribasa Sunda misato jeung mituwuhan katut harti sarta maksud nu dikandungna.

b. Pikeun guru

Ku ayana ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh guru dina nerangkeun babasan jeung paribasa Sunda nu misato jeung mituwuhan, hususna dina pangajaran déskripsi nu ngandung pakeman basa di SMA.

c. Pikeun masarakat

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré informasi ka masarakat ngeunaan babasan jeung paribasa misato jeung mituwuhan. Salian ti éta, dipiharep ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan bacaan atawa référénsi pikeun panalungtikan satuluyna anu aya patalina jeung babasan jeung paribasa Sunda.

d. Pikeun panalungtik

Tina ieu panalungtikan, dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan babasan jeung paribasa Sunda misato jeung mituwuhan.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu tulisan téh dipidangkeun dina lima bab. Bab I medar kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan husus jeung tujuan umum, mangpaat tina panalungtikan anu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, sarta raraga tulisan. Bab II mangrupa ulikan pustaka anu medar sasatoan, tutuwuhan, babasan jeung paribasa Sunda sarta bahan pangajaran pakeman basa. Salian ti ulikan tiorina, dina ieu bab ogé dipedar panalungtikan saméméhna sarta raraga mikir. Sedengkeun dina bab III dipedar métode panalungtikan anu ngawengku desain panalungtikan, data jeung sumber data, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data. Satuluyna bab IV dina ieu panalungtikan mangrupa hasil analisis data jeung pedaran panalungtikan. Pamungkas, bab V mangrupa kacindekan jeung saran.